



Pou Piblikasyon Imedya: 05/05/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON PWOJÈ LOJMAN ABÒDAB KI KOUTE 72.3 MILYON DOLA NAN ROCHESTER

Pwojè a pral transfòme yon bilding biwo sèt etaj ki vid an 129 kay abòdab

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman konstriksyon nan Gateway Apartments nan Rochester, yon pwojè ki evalye a 72.3 milyon dola ki pral transfòme yon bilding biwo ki gen sèt etaj ki vid an 129 kay abòdab. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta Nouyòk te finanse plis pase 6,000 kay abòdab nan Konte Monroe, enkli plis 4,700 nan Rochester. Gateway Apartments kontinye jefò sa epi fè pati Plan Lojman 25 milya dola sou senkan Gouvènè a, ki sou wout pou kreye oswa prezève 100,000 lojman abòdab nan tout eta a.

"Lansman konstriksyon Gateway Apartments la montre sa ki posib lè nou reyimajine bilding vid yo kòm kay ki gen kalite siperyè, efikas nan konsomasyon enèji pou Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Konvèsyon inovan biwo an rezidansyèl sa a pral transfòme yon pwopriyete vid an lojman abòdab ki nesèsè anpil nan sant vil Rochester, ranfòse kominote a, sipòte kwasans lokal la epi elaji opòtinite pou fanmi k ap travay yo."

Gateway Apartments se premye pwojè konvèsyon biwo an espas rezidansyèl HCR deyò Vil Nouyòk ki te kòmanse konstriksyon depi yo te adopte Pwojè Lwa sou Loje Vwazen Nou yo ak Dignite (Housing Our Neighbors with Dignity Act, HONDA), sa ki kreye yon chemen pou konvèti pwopriyete komèsyal ki an detrès an lojman abòdab. Bilding ki te nan sant vil la, ki te bati an 1905 okòmansman, te vid pandan 20 an.

Gateway Apartments pral abòdab pou fanmi ki touche jiska 80 pousan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) nan epi yo pral ofri yon melanj estidyo, inite yon chanm ak inite de chanm. Varyete inite yo ap atire kay ki gen diferan fòm ak gwosè, tankou moun k ap viv anba lavil oswa ti fanmi yo.

Sitiye nan Distri Biznis Santral Rochester la, Gateway Apartments ap ofri aksè fasil a transpò piblik, ansanm ak etablisman komèsyal, biznis ki vann an detay, swen sante, edikasyon ak lwazi. Pwojè a bati sou envestisman HCR nan koridò East Main Street la, ki gen ladan revitalizasyon istorik Harper's Corner la.

Gateway Apartments pral yon devlopman ki totalman elektrik ak aparèy ENERGY STAR ak ekleraj LED. Li gen ladan apatman ki totalman aksesib e adaptab. Gen trèz inite pou akomode rezidan ki gen pwoblèm mobilite ak sis inite pou akomode rezidan ki gen andikap sansoryèl.

Pwojè a, devlope pa SAA | EVI, sipòte pa Pwogram Federal pou Kredi Taks pou Lojman Moun ki gen Revni Ba HCR la, ki espere jenere 25 milyon dola an ekite, 18.5 milyon dola nan Pwogram Lojman pou moun ki gen Revni Mwayen, Pwogram Eta pou Kredi Taks pou Lojman Moun ki gen Revni Ba ki espere jenere 13.6 milyon dola an ekite, yon Premye Ipotèk 4.1 milyon dola, ak 850,000 nan Fon Envestisman Kominotè a. Pwojè a benefisye tou nan plis pase 3.4 milyon dola nan finansman Inisyativ Enèji Pwòp, yon patenarya ant HCR ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta Nouyòk (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la. Empire State Development ap bay 2 milyon dola nan pwogram Restore New York li a. Vil Rochester ap bay 850,000 dola atravè pwogram HOME li a.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Gateway Apartments se yon egzanp pouvwa reyitilizasyon adaptatif pou reponn a bezwen lojman lokal yo tout pandan y ap bay kay dirab ak abòdab. Avèk devlopman sa a, nou pa sèlman kreye 129 nouvo inite lojman abòdab, men tou, nou ranfòse sant vil Rochester epi nou fè pwogrè nan objektif nou yo pou yon devlopman ekitab nan tout eta a. Mèsi a SAA | EVI pou patenarya ou nan pwojè ki pote transfòmasyon sa a. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou vizyon solid li sou ogmantasyon rezèv lojman nou yo."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, devlopman lojman abòdab yo fè pati enfrastruktir pou sipòte transfòmasyon kominote a an pwofondè. Re-itilizasyon bilding biwo sa a ki te vid depi lontan an pou fè l tounen 129 inite — avèk èd finansman Restore New York la — pral ede ranfòse katye a epi ankouraje nouvo opòtinite pou rezidan yo nan sant vil Rochester."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare, "Lansman travay jodi a make yon etap enpòtan nan direksyon pou bay lojman abòdab ak kalite siperyè ki enkòpore yon konsepsyon efikas nan domèn enèji depi nan kòmansman. Atravè pwojè tankou Gateway Apartments nan Rochester, Nouyòk ap demontre sa ki posib lè ou transfòme bilding ki pa an sèvis ankò lè yo sèvi ak dènye solisyon enèji pwòp yo pou bay espas pou viv ki modèn e an sekirite."

Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare, "Lojman abòdab e ki estab se kle pou konstwi richès jenerasyonèl epi retire manm kominote nou yo nan povrete. Pwojè Gateway Apartments la pral pote transfòmasyon pou anpil moun Rochester epi li pral fè lojman ki gen kalite siperyè pi fasil pase avan. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li te bay priyorite a bezwen lojman nan Rochester, kote prèske yon tyè nan rezidan yo ap viv anba nivo povrete federal la epi yo gen yon gwo pwoblèm akòz pri lojman yo."

Manm Asanble Demond Meeks, te deklare, "Lojman abòdab se fondasyon yon kominote ki an sekirite, ki aktif, epi ki estab. Kòmansman konstriksyon nan Gateway Apartments reprezante yon lòt etap enpòtan nan direksyon pou revitalize sant vil Rochester a epi elaji opòtinite lojman pou rezidan nou yo. Lè nou transfòme yon bilding ki te vid depi lontan an 129 kay abòdab, nou pa sèlman reponn a bezwen lojman kritik nou yo, men tou, nou bay sant vil nou an yon nouvo lavi. Biwo nou an fyè dèske li sipòte inisyativ ki konbine enfrastrikti dirab ak lojman aksesib ak kalite siperyè pou fanmi ak moun k ap travay yo. N ap kontinye travay avèk Gouvènè Hochul pou ogmante investisman nan sant vil Rochester."

Chèf Egzekitif Konte Monroe a, Adam Bello te deklare, "Lojman abòdab e an sekirite esansyèl pou fòs ak avni vil nou an ak konte nou an. Mwen felisite Gouvènè a ak ekip li a pou kreyativite ak angajman yo nan transfòme gwo pwopriyete vid sa a an nouvo inite lojman abòdab ki pral kapab akomode yon pakèt rezidan, soti nan selibatè rive nan fanmi yo. Investisman sa a pa sèlman pral bay rezidan yo lojman ki estab, men tou li pral ede revitalize kominote ki ozalantou a epi kreye nouvo opòtinite pou fanmi yo pwospere."

Majistra Vil Rochester a, Malik Evans, te deklare, "Investisman estratejik Gouvènè Hochul ap fè nan Rochester yo ap ede alimante momantòm ak renesans n ap wè nan sant vil la jodi a. Apatman Gateway se yon egzanp pwisan nan pwogrè sa a, li transfòme yon bilding ki te vid depi lontan an lojman ki gen kalite siperyè ak abòdab ansanm ak pwojè tankou fiti Main Street Commons lan nan kè zòn Inisyativ Revitalizasyon Anba LAVil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) nou an. Investisman sa a reflekte angajman nou pou kreye yon vil ki pi aktif, konekte e enklizif pou tout moun. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou patenarya kontinyèl li ak konsantrasyon li pou asire rezidan Rochester yo gen aksè a lojman ki an sekirite, ki gen kalite epi ki abòdab."

Connor Kenney, Chèf Rejyonal ak Patnè SAA | EVI, te deklare, "Sa gen 10 zan, mwen te kòmanse karyè mwen nan devlopman lojman abòdab kòm yon estajyè nan Rochester, Nouyòk. Se yon bagay ki bay anpil satisfaksyon dèske mwen gen opòtinite pou nou gen yon enpak pozitif sou Vil la. Ekip SAA|EVI a rekonesan anvè tout patnè nou yo ki te kolabore avèk nou pou fè pwojè sa a tounen yon reyalite. Li te ekselan pou nou travay avèk HCR ak HFA, Vil Rochester, JPMorgan Chase, Redstone Equity, SWBR, Christa Construction ak Cannon Heyman Weiss. Nou angaje nou anvè Vil Rochester epi nou anvi kontinye misyon final nou an: bay lojman abòdab ki gen kalite siperyè pou rezidan ki gen ti revni yo atravè Eta Nouyòk."

Agenda Lojman Gouvènè Hochul la

Gouvènè Kathy Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman Nouyòk la epi fè eta a vin pi abòdab ak vivab pou tout Nouyòkè yo. Depi Ane Fiskal 2023 a, Gouvènè a te travay pou ogmante kantite lojman pou rann lojman pi abòdab, lè li lanse yon Plan Lojman konplè senk ane ki vo 25 milya dola, adopte lejislasyon lojman ki pi enpòtan nan kèk deseni epi mete an aplikasyon nouvo pwoteksyon pou lokatè ak pwopriyete kay. Anba

lidèchip Gouvènè Hochul, HCR te kreye nouvo pwogram ki te lanse devlopman kay abòdab ak kay pou moun ki gen revni miks — pou alafwa lokatè ak pou moun k ap achte kay yo. Sa yo enkli Pwogram Kominote an Favè Lojman (Pro-Housing Community Program) an, ki pèmèt lokalite sètifye yo jwenn aksè eksklizif ak jiska 750 milyon dola nan finansman diskresyonè Eta a. Plis pase 410 kominote atravè eta a deja sètifye kòm an Favè Lojman, enkli Vil Rochester.

Kòm yon pati nan diskou Eta Leta 2026 Gouvènè Hochul la, Gouvènè a te pwopoze ajennda "Kite yo Konstwi" (Let Them Build) li a, yon seri gwo refòm pou akselere pwojè lojman ak enfrastrikti epi bese depans yo. Inisyativ sa a pral ankouraje yon seri refòm bon sans pou Lwa sou Revizyon Kalite Anviwònmanal (State Environmental Quality Review Act, SEQRA) Eta Nouyòk la ansanm ak aksyon egzekitif pou akselere kategori pwojè ki esansyèl yo toujou jwenn ki pa gen enpak siyifikatif sou anviwònman an, men ki pandan twò lontan yo te bloke akòz biwokrasi epi yo te sijè a gwo reta.

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2027 la, konplete Plan Lojman senk ane aktyèl Gouvènè a pou kreye oswa konsève 100,000 kay abòdab atravè tout Eta a, enkli 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab, ansanm ak elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay. Yo te kreye oswa konsève plis pase 81,000 lojman abòdab jiska dat. Bidjè Egzekitif la envesti tou 250 milyon dola nan finansman kapital pou akselere konstriksyon plizyè milye nouvo kay abòdab.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)